



Yon Apèsi sou

Avans Kredi Enpo pou Timoun an 2021 an

Peman yo ap kòmanse 15 Jiyè

Ou te deklare deja?

Ou pa bezwen antreprann okenn aksyon kounya si ou te fè yon deklarasyon enpo 2020.

Ou poko deklare?

Fè deklarasyon enpo w la osito posib. Pou moun ki pa gen obligasyon pou fè yon deklarasyon enpo epi ki pa t deklare an 2019 oswa 2020, itilize **Zouti Enskripsyon Non-Deklaran** IRS la pou enskri rapid. Ou ka kalifye pou Kredi Enpo pou Timoun nan ak Peman Enpak Ekonomik yo.

- Fanmi kalifye yo ka resevwa peman avans **jiska \$300 chak mwa** pou chak timoun ki gen mwens pase 6 lane epi **jiska \$250 chak mwa** pou chak timoun ki gen 6 lane ak plis.
- Peman yo ap kòmanse 15 Jiyè epi y ap voye yo chak mwa jiska 15 Desanm san okenn lòt aksyon nesèsè.
- Ou ka benefisye kredi a menmsi ou pa gen revni oswa pa dwe okenn enpo sou revni.
- Kredi enpo a gen ladan peman avans pou 2021 sèlman.

Pwovizyon Avans Kredi Enpo pou Timoun Lwa Plan Sovtaj Ameriken an gen ladan:

- Maksimòm Kredi Enpo pou Timoun nan te ogmante nan \$3 600 pou timoun ki gen mwens pase 6 lane epi nan \$3 000 pa timoun, pou timoun ki gen ant 6 ak 17 lane.
- Kredi a gen ladan timoun ki gen 17 lane nan 2021 an.
- Kontribyab yo ka resevwa yon pati nan kredi yo a an 2021 anvan yo fè deklarasyon enpo 2021 an.

Kontribyab kalifye ki pa vle resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun 2021 an ap gen opòtinite pou yo dezenskri pou sispann resevwa peman yo.

[IRS.gov/childtaxcredit2021](https://www.irs.gov/childtaxcredit2021) (an anglè)

